

Reopen
SMART
Return
SAFE



2020-2021

Janvye 2021

COVID-19 MANYÈL POU PARAN

LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

KOMISYON KONSÈY LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY, FLORID

Madan Perla Tabares Hantman, Chèman

Dtè. Steve Gallon III, Vis-Chèman

Madan Lucia Baez-Geller

Dtè. Dorothy Bendross-Mindingall

Madan Christine M. Fraga


Dtè. Lubby Navarro

Dtè. Marta Pérez

Madan Mari Tere Rojas

Madan Luisa F. Santos

Miss Maria Martinez
Konseye Elèv



Mr. Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo



Miami-Dade County Public Schools

giving our students the world

Superintendent of Schools

Alberto M. Carvalho

Miami-Dade County School Board

Perla Tabares Hantman, Chair
 Dr. Steve Gallon III, Vice Chair
 Lucia Baez-Geller
 Dr. Dorothy Bendross-Mindingall
 Christi Fraga
 Dr. Lubby Navarro
 Dr. Marta Pérez
 Mari Tere Rojas
 Luisa Santos

Janvye 2021

Chè Paran/Gadyen Lekòl Leta Miami-Dade County:

Pandan pandemi sante COVID-19 la, 'Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)' (Lekòl Leta Miami-Dade County) pa t diminye nan angajman pou bay priorite ak sante e byennèt elèv ak anplwaye nou yo. Nou kòmanse 2021 ak yon atansyon pou konsantre sou sante ak sekirite, pandan n ap travay ansanm pou asire timoun nou yo resevwa yon bon kalite edikasyon. Manyèl COVID-19 pou Paran an se yon resous valab pou rete enfòm sou règleman COVID-19 distri lekòl nou an, tout règleman sa yo se dènye enfòmasyon ki soti nan ajans sante lokal, leta ak federal.

Mwen ankouraje w familiarize ou ak enfòmasyon ki nan manyèl sa a epi kontakte lekòl pitit ou a si w gen nenpòt kesyon. Enfòmasyon sou COVID-19 toujou ap evolye e M-DCPS pral asire li paran yo ak kominote nou an rete byen enfòm atravè piblikasyon tankou manyèl sa a, pòs regilye sou medya sosyal yo, kominikasyon ant lakay-lekòl, ak sit entènèt nou an nan reopening.dadeschools.net.

Nan non pèsonèl mwen ak Komisyon Konsèy Lekòl la, mwen vle deklare ankò pandan pandemi sante mondyal sa a transfòm fason nou edike pitit nou e menm fason nou viv lavi nou, sa ki pa chanje se gwo detèmine nou pou elèv ak fanmi nou yo. Pandan nou tout ap kontinye navige nan sitiyasyon sa yo, M-DCPS ap bò kote ou, pou ba ou dènye enfòmasyon ak resous ki disponib pou asire pitit ou an sekirite epi li resevwa sipò. Lè sa gen pou we ak asire n pou tout timoun kontinye aprann, grandi ak devlope pandan epòk difisil sa a, nou tout ansanm fè youn.

Sensèman,

Alberto M. Carvalho
 Sipèentandan Lekòl yo

AMC:dzf
 L740

Tab Matyè

FASON POU RETE ENFÒME – LIY SIPÒ	5
LIY SIPÒ M-DCPS	5
SANT REJYONAL YO	5
KI JAN POU RETE ENFÒME – SIT ENTÈNÈT AK MEDYA SOSYAL	6
ENFÒMASYON COVID-19 KI SOTI NAN LÒT AJANS	7
KONTINWITE ENSTRIKSYON PANDAN KARANTÈN	8
ENSTRIKSYON PANDAN KARANTÈN	8
ENSTRIKSYON KARANTÈN POU FANMI YO	8
RAPÒ PREZANS POU ELÈV KI NAN KARANTÈN	8
PWOSEDI KARANTÈN POU FRÈ AK SÈ	9
KESYON MOUN POZE PI SOUVAN	10
KONSÈNAN COVID-19	10
RAPÒTE KA COVID-19	13
RAPÒTE KONDISYON COVID-19, TÈS AK VAKSINASYON	14
RAPÒTE COVID-19 POU ELÈV MSO (LEKÒL MWEN SOU ENTÈNÈT)	14
TESTE ELÈV POU COVID-19	14
VAKSINASYON COVID-19 POU ELÈV	14
DEPISTAJ SANTE ELÈV PARAN/GADYEN FÈ CHAK JOU LAKAY	16
LIS SA POU NOU TCHEKE POU RETOU NAN BILDING LEKÒL	18
RÈG KONT DISKRIMINASYON	20

Fason pou Rete Enfòmè – Liy Sipò

Liy Sipò M-DCPS

<p>Sipò Jeneral Biwo Èd</p> <p>305-995-3000</p>	<p>Aprantisaj Adistans/ Lekòl Mwen sou Entènèt</p> <p>305-995-HELP (4357)</p>	<p>Granmoun ak Karyè Edikasyon Teknik</p> <p>305-558-8000</p>
<p>Program Asistans Anplwaye</p> <p>305-995-7111</p>	<p>Sèvis Sante Mantal Elèv</p> <p>305-995-7100</p>	<p>Pwojè 'Up-Start' (Moun Sanzabri)</p> <p>305-995-1729</p>

Sant Rejyonal yo

Lekòl Leta Miami-Dade County divize an twa rejyon. Chak rejyon genyen yon sipèntandan rejyonal ak anplwaye ki responsab pou bay sipò ak asistans pou paran ak elèv. Kesyon paran yo oswa enkyetid yo konsènan lekòl pitit yo ki pa rezoud nan nivo lekòl la ka adrese a yon direktè sant rejyonal yo. Si paran yo pa satisfè ak rezilta a, yo ka fè apèl kont desizyon an bay sipèntandan rejyonal sant rejyon an. Kesyon ki gen rapò ak limit, prezans ak règleman transfè k ap reponn nan Sant Rejyonal la. Adrès ak nimewo telefòn biwo sa yo se:

<p>SANT REJYONAL NÒ http://northregion.dadeschools.net/#/</p> <p>733 East 57th Street Hialeah, FL 33013 305-572-2800</p> <p>northregion.dadeschools.net/ Sipèntandan Rejyon an: Mr. Jose Bueno</p>	<p>SANT REJYONAL SANTRAL http://centralregion.dadeschools.net/index.html</p> <p>5005 N.W. 112nd Avenue Doral, FL 33178 305-499-5050</p> <p>centralregion.dadeschools.net/ Sipèntandan Rejyon an: Dr. John Pace</p>	<p>SANT REJYONAL SID http://southregionoffice.dadeschools.net</p> <p>18180 S.W. 122nd Avenue Miami, FL 33177 305-252-3041</p> <p>southregionoffice.dadeschools.net/ Sipèntandan Rejyon an: Ms. Barbara A. Mendizábal</p>
--	--	---

Ki Jan pou Rete Enfòmè – Sit Entènèt ak Medya Sosyal



Pòtal Paran

Pòtal la ap rete kote prensipal paran yo ka jwenn aksè nan klas ak orè elèv yo. Pou jwenn aksè a, kont paran yo dwe lye ak elèv yo. Paran yo ka kontakte lekòl pitit yo epi bay idantifikasyon apwopriye pou jwenn kòd (6 chif) ki nesèsè pou konekte kont yo. Vizite <http://www.dadeschools.net/parents.asp> oswa eskane kòd 'QR' ki sou bò gòch la.



Aplikasyon Mobil Dadeschools

Nou ankouraje paran yo pou yo konekte elèv y oak kont yo. Paran yo ka kontakte lekòl pitit yo epi bay idantifikasyon apwopriye pou jwenn kòd (6 chif) ki nesèsè pou konekte kont yo. 'App' la disponib nan App Store ak Google Play.



Sit Entènèt sou 'Reouvèti Lekòl yo'

Sit entènèt ofisyèl 'Relouvri Lekòl yo' gen enfòmasyon ki pi resan, ki gen ladan Frequently Asked Questions (FAQs) (Kesyon Moun Poze pi Souvan). Eskane kòd 'QR' ki sou bò gòch la oswa vizite <http://reopening.dadeschools.net>.



Sit Entènèt Lekòl Pitit ou a

Nou ankouraje paran yo pou swiv kont Twitter lekòl pitit yo epi vizite sit entènèt lekòl la. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte lekòl la sou [direksyon sit entènèt Lekòl Distri a](#) oubyen pa eskane 'QR code' la sou bò gòch la. Paran yo ta dwe vizite [chèn Eduvision](#) distri a lè yo eskane kòd 'QR' ki sou bò dwat la.



Medya Sosyal

Anba la a se sit medya sosyal yo ak 'handles' Distri a itilize pou pataje dènye enfòmasyon pi resan yo avèk paran ak kominote a an jeneral.



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSUP



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools

Enfòmasyon COVID-19 ki Soti Nan Lòt Ajans

Li enpòtan pou w rete enfòme ak enfòmasyon sou COVID-19. Ajans ki liste anba la yo ka ba ou dènye enfòmasyon federal, eta ak lokal konsènan COVID-19.

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) Coronavirus 2019 PaIn pou Relouvri Lekòl: Lis pou gide paran, gadyen, ak moun k ap bay swen yo ka jwenn nan <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/schools-childcare/parent-checklist.html>



Depatman Sante Florid: Sant Apèl Depatman Sante Florid disponib 24 sou 24 | 1 (866) 779-6121 | COVID-19@flhealth.gov Ou ka jwenn enfòmasyon dirèkteman sou lekòl ak gadri yo nan <https://floridahealthcovid19.gov/schools/>



Depatman Edikasyon Florid (FDOE): Ou ka jwenn enfòmasyon sou COVID-19, ki gen ladan lyen pou sit entènèt apwouve pou plan reouvèti Distri a avèk lòt konsèy FDOE bay sou lekòl pandan pandemi an nan <http://www.fldoe.org/em-response/index.stml>



Miami-Dade County COVID-19 “Moving to the New Normal” (Chanje a Nouvo Nòm): Ou ka jwenn enfòmasyon sou dènye done lokal yo, lòd ijans ak direktiv lokal yo nan: <https://www.miamidade.gov/global/initiatives/coronavirus/openings.page>



Kontinwite Enstriksyon Pandan Karantèn

Enstriksyon Pandan Karantèn

Elèv ki nan karantèn pou yon ti tan akòz yo te ekspozè a COVID-19 pa otomatikman enskri nan 'My School Online (MSO)' (Lekòl Mwen sou Entènèt). MSO se opsyon aprantisaj adistans a plen tan pou paran ki chwazi modalite aprantisaj sou entènèt pou pitit yo. Patisipe nan ansèyman sou entènèt pandan yon peryòd karantèn pa enskri yon elèv nan MSO. Sepandan, pandan yon elèv an karantèn, tout efò fèt pou asire li ap kontinye resevwa bon jan eksperyans edikasyonèl. Modalite enstriksyon espesifik yo itilize ak yon elèv an karantèn depann sou zouti espesifik yo oswa teknoloji yo itilize nan sal klas regilye elèv la. Pwofesè ki aplike yon modalite ansèyman doub (fas-a-fas ak ansèyman sou entènèt) oubyen ki nan karantèn yo menm ka konekte sou entènèt avèk elèv yo pou patisipe nan aktivite salklas yo. Pwofesè ki ap anseye fasafas a plen tan ka voye devwa bay elèv yo, menm jan ak lè yo deyò pou lòt maladi ki pa gen rapò ak COVID. Kèlkeswa, travay pou nenpòt devwa rate pandan peryòd karantèn lan bay ase tan pou elèv la fini nan retou yo.

Chanje Modalite (Modèl MSO & Kay Lekòl la)

Si paran yo vle chanje fason ansèyman yon timoun (Lekòl Mwen sou Entènèt avèk Lekòl an pèsòn), yo ta dwe kontakte lekòl timoun nan pou fè aranjman. Anplis de sa, dapre gid FLDOE, elèv ki pa fè pwogrè sifizan nan MSO la, ankouraje pou yo retounen lekòl an pèsòn.

Enstriksyon Karantèn pou Fanmi yo

Lè lekòl yo notifiye paran elèv ki nan karantèn ki afekte yo, administratè lekòl yo bay paran yo enstriksyon espesifik lekòl la konsènan aktivite akademik yo, travay ratrapaj, elatriye. Paske orè elèv yo diferan de lekòl a lekòl ak aranjman ansèyman yo ka diferan de pwofesè an pwofesè, nou pa ka bay enstriksyon jeneral pou tout distri a. Nou ankouraje paran yo pou yo rete an kontak ak administratè lekòl la epi kontwole sit entènèt relouvri Distri a nan <http://reopening.dadeschools.net> pou dènye nouvèl ki gen rapò ak opsyon ansèyman pandan pandemi COVID-19 la.

Rapò Prezans pou Elèv ki Nan Karantèn

Elèv ki nan karantèn yo resevwa yon "S" (nòt espesyal). Sa endike ke jou nan karantèn yo apwouve pa lekòl la e yo p ap make elèv la absan.

Pwosedì Karantèn pou Frè ak Sè

Elèv yo pa oblije otomatikman rantre an karantèn jis paske yo te idantifye yon frè ak sè yo kòm moun ki bezwen karantèn. Yon fwa ke administratè lekòl yo idantifye yon elèv, Distri a ap kòmanse pwotokòl 'Contact tracing' (suiv dènye kontak yo) pou detèmine si frè ak sè yo ta dwe an karantèn tou. Frè ak sè yo idantifye pou karantèn ap resevwa enstriksyon nan chak lekòl yo konsènan aktivite ansèyman pandan karantèn epi yo pral swiv menm pwosedì prezans mansyone pi wo a.





Kesyon Moun Poze Pi Souvan Konsènan COVID-19

KESYON MOUN POZE PI SOUVAN KONSÈNAN COVID-19

Kisa k ap pase si yon elèv tonbe malad nan yon lekòl?

Si yon elèv vin malad oubyen li gen siy COVID-19 pandan li nan lekòl la, y ap separe li avèk lòt elèv ak anplwaye yo e y ap mete l nan espas ki fèt pou sa nan lekòl la yo rele Chanm Izolasyon. Pandan elèv la nan Chanm Izolasyon an, yo ap suiv li. Distri a ap kontakte paran/gadyen yo e, si sa nesesè, moun ki sou lis kontak ijans elèv la. Yo ap enfòmè paran/gadyen e/oubyen moun ki sou lis kontak ijans elèv la konsènan enpòtans pou yo vin chèche elèv ki malad la imedyatman pou pwoteksyon elèv la ak lòt elèv yo.

Si yon elèv malad, kilè l ap kapab retounen lekòl?

Elèv ki gen sentòm jeneral maladi ki pa gen rapò ak COVID ap bezwen rete lakay jiskaske yo pa gen sentòm ankò san yo pa pran medikaman pandan 24 èdtan. Elèv ki gen sentòm ki sanble avèk COVID, men ki pa konnen yo te gen okenn kontak ak moun ki gen COVID, DWE rete ann izolasyon lakay yo pou omwen 10 jou pa rapò ak lòt elèv san yo te parèt E 24 èdtan dwe pase apre dènye lafyèv la E sentòm yo amelyore san yo pa pran medikaman pou redui lafyèv la AMWENSKE elèv la resevwa yon atestasyon negatif nan men doktè li.

Si yon elèv gen konfimasyon “Florida Department of Health (FDOH)” (Depatman Sante Florid) nan Miami-Dade li teste pozitif pou COVID-19, ki kalite atestasyon li bezwen pou l ka retounen lekòl?

FDOH ap notifiye “District School Health Office (DSHO)” (Biwo Sante Distri Lekòl) la lè elèv la gen yon atestasyon negatif pou l retounen lekòl. DSHO ap notifiye direktè lekòl la ki li menm ap notifiye paran/gadyen elèv la.

Si yo mande yon elèv pou l rete an karantèn paske l te gen kontak depre avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID-19, kilè y ap ba li pèmisyon pou l retounen lekòl?

Si elèv la pa gen sentòm, y ap mande li pou l rete an karantèn pandan 14 jou, kòmanse dat dènye kontak avèk moun ki gen COVID-19 la avan li retounen lekòl. Si elèv la devlope sentòm, li dwe rete takay li pou omwen 10 jou depi premye sentòm yo te parèt la E 24 èdtan dwe pase apre dènye lafyèv la san medikaman pou redui lafyèv la E sentòm yo amelyore.

Si yo idantifye ou kòm yon moun ki te gen kontak depre avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID-19 e yo mande pou w rete an karantèn, èske lòt moun lakay ou ki nan menm travay avèk ou nan Distri lekòl la dwe rete an karantèn tou?

Si lòt moun nan kay la pa t gen kontak depre avèk yon moun ki teste pozitif, e moun ki an karantèn nan pa gen sentòm, lòt moun nan kay la, tankou frè/sè, pa bezwen ale an karantèn oubyen izole tèt yo. Sepandan, si moun ki an karantèn nan gen sentòm oubyen li teste pozitif, lòt moun ki nan kay la dwe kontakte doktè yo pou yo ka pran yon tès.

Si yon anplwaye teste pozitif pou COVID-19, kilè y ap pèmèt li retounen nan andwa travay li?

Anplwaye ki te medikalman konfime yo gen COVID-19, e ki te gen sentòm, ka jwenn pèmisyon pou retounen nan travay si:

- Omwen 10 jou pase depi sentòm yo te fèk parèt; 24 èdtan pase san yo pa gen lafyèv e san yo pa pran medikaman pou redui lafyèv la; sentòm COVID-19 yo amelyore (pa egzanp, tous, souf kout); e yo remèt travay la yon nòt doktè ki di yo ka retounen nan travay.
- Anplwaye ki te gen yon ka COVID-19 yo te konfime nan laboratwa, men ki pa t gen okenn sentòm, ka jwenn pèmisyon pou retounen nan travay si:
- Omwen 10 jou pase depi yo te pran yon tès pou viris ki bay COVID-19 la; yo pa santi okenn sentòm; e doktè yo ba yo yon nòt ki di yo ka retounen nan travay.

Si yon anplwaye te an kontak dirèk avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, kilè l ap ka retounen nan andwa travay li?

Anplwaye yo dwe rete an karantèn pandan 10 jou apre dènye kontak dirèk yo te genyen avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 e yo ka retounen nan travay si yo pa gen sentòm COVID-19 (pa egzanp, tous, souf kout).

Ki etap otorite yo ap pran si yon elèv oubyen yon anplwaye teste pozitif pou COVID-19?

Distri lekòl la ap notifiye Depatman sante Florid nan Miami-Dade konsènan chak ka kote yon elèv oubyen yon anplwaye rapòte tèt li. Yo ap kòmanse yon pwosesis investigasyon/retrase kontak nan lekòl la imedyatman. Yon pati enpòtan nan investigasyon an se detèmine kiyès ki te gen kontak depre avèk moun ki teste pozitif la. Nan majorite ka yo, yo mande moun yo idantifye ki te gen kontak depre avèk moun sa a pou li ale an karantèn. Aksyon sa yo se sa ki fèt anplis estrateji rediksyon otorite yo kapab enpleman.

Selon ki kritè yo ka fèmen yon salklas oubyen plizyè salklas oubyen fèmen yon lekòl oswa plizyè lekòl akoz yon ka oubyen plizyè ka COVID-19?

Nan anpil ka, desizyon pou fèmen youn oubyen plizyè salklas oubyen yon lekòl se rezilta investigasyon konsènan kontak depre avèk yon moun ki enfekte. Sepandan, desizyon sa yo ap fèt sou yon baz endividyèl pou chak lekòl akoz gen anpil faktè ki ka gen enpak sou desizyon final la. Faktè sa yo gen ladan, men yo pa limite ak:

- Kantite ka elèv ak anplwaye ki teste pozitif
- Posibilite pou gen lòt elèv ak anplwaye yo idantifye atravè retrasan kontak ki te ekspoze
- Abilite pou dezenfekte bilding lekòl la avan elèv ak anplwaye retounen
- Posibilite pou gen gwo kontaminasyon
- Ka kontaminasyon ki fèt anndan lekòl la
- Abilite pou notifiye moun ki afekte yo, selon jou nan semèn nan ak lè yo te rapòte ka yo

Ki pwosedi ki genyen si yon timoun rive lekòl avèk sentòm ki sanble ak sentòm COVID-19?

Yo ap evalye elèv la, e y ap mande paran li pou vin pran li imedyatman. Baze sou siy ak sentòm yo, yo ka mete elèv la nan yon chanm izolman jiskaske paran l vin chèche li.

Ki enfòmasyon ki nan tablo afichaj lekòl yo an e chak konbyen tan yo mete li ajou?

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl leta Miami-Dade County) te kòmanse rapòte ka sou COVID-19 nan tablo afichaj lekòl yo 5 oktòb – lè elèv yo te retounen lekòl. Yo ap rapòte ka elèv ak anplwaye ki fizikman nan lekòl la sou tablo afichaj la, yo mete ajou chak jou. Yo telechaje ka elèv ki teste pozitif pou COVID-19 yo lè FDOH nan Miami-Dade County konfime yo. Tout anplwaye M-DCPS dwe rapòte tèt yo si yo teste pozitif pou COVID-19 ann akò avèk règleman Komisyon Konsèy la. Yo ap telechaje ka anplwaye ki teste pozitif yo yon fwa yo verifye yo atravè yon pwosesis ankèt ki fèt yon fason entèn.

Se direktè lekòl la ki bay nimewo idantifikasyon lekòl ki reflekte nan sistèm nan apre apwobasyon Biwo sante Distri a pou asire yo kenbe kalite done yo. Sa ka lakoz plizyè jou reta nan prezantasyon ka kote anplwaye yo rapòte tèt yo. Pwosesis konfimasyon pou ka elèv yo, e antre ka sa yo nan sistèm nan depann de verifikasyon tès la nan FDOH nan Miami-Dade County.

Antre done nan tablo afichaj la pa menm bagay avèk aktivite diminasyon ki fèt imedyatman nan yon lekòl tankou izolasyon pèsònèl pou ka sispèk/ki pozitif yo, mete anplwaye ak elèv ki te gen kontak depre ak moun ki pozitif yo an karantèn, e dezenfekte an pwofondè tout kote nan lekòl ki konsène a. Sistèm tablo afichaj Distri pa fèt pou l prezante ka anplwaye ak elèv ki rapòte tèt yo an tan reyèl. Se yon endikatè ki travay lantman e yo pa dwe entèprete li kòm yon sistèm notifikasyon imedyat pou ka yo. Fanmi ak anplwaye pa dwe konte sou tablo afichaj la pou yo resevwa enfòmasyon konsènan ka nan lekòl yo oubyen nan andwa travay yo paske yo gen pou yo aprann enfòmasyon sou ka rapò pèsònèl yo byen alavans parapò ak sa ki afiche sou tablo afichaj la.

Ki pwosedi ki genyen pou rapòte yon dyagnostik COVID-19 ki fèt lakay?

Si nenpòt moun lakay yon elèv teste pozitif pou COVID-19, paran/gadyen yo dwe rapòte rezilta yo pèsònèlman e imedyatman bay lekòl la(yo). Apre lè lekòl oubyen nan wikenn, yo dwe rapòte ka sa yo lè yo rele 305-995-3000. Ansuit, direktè lekòl la ap rapòte ka a bay DSHO.

Pou plis enfòmasyon, vizite reopening.dadeschools.net/ pou w ka wè lis konplè Kesyon Moun Poze Souvan yo.



Rapòte Ka COVID-19

Rapòte Kondisyon COVID-19, Tès ak Vaksinasyon

Rapòte COVID-19 pou Elèv MSO (Lekòl Mwen sou Entènèt)

Elèv MSO yo oblije rapòte estati COVID-19 bay administratè lekòl yo epi swiv direktiv karantèn Distri a etabli. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte administratè lekòl la.

Teste Elèv pou COVID-19

Distri a asosye avèk klinik mobil pedyat Sistèm Sante Inivèsite Miami pou ofri tès COVID-19 GRATIS pou tout timoun nan Miami-Dade County ki gen laj 4 a 18 an. Klinik mobil pedyat la ap fè tès COVID-19 nan kèk lekòl, nan jou predetèmine ant 3è apremidi pou rive 5è. Lekòl k ap administre tès yo ap pataje enfòmasyon konsènan adrès lekòl la ak orè pwogram yo bay lòt lekòl ozalantou yo pou difize bay paran yo. Anplis de sa, enfòmasyon ki pou fè paran yo konnen sit tès yo disponib pou paran atravè 'School Messenger' (mesaj oral oswa imèl) nou pataje sou medya sosyal, e ki poste sou sit entènèt 'Relouvri Lekòl' Distri a nan <http://reopening.dadeschools.net/index.html>. Pou pran yon randevou, yo mande paran yo rele 305-243-2059. Visite 'Walk-ups' (San randevou) aksepte. Timoun yo dwe akonpaye pa yon paran/gadyen e (ID) idantifikasyon pa obligatwa/nesesè.

Vaksinasyon COVID-19 pou Elèv

Aktyèlman, Eta Florid aplike yon apwòch gradyèl nan vaksen COVID-19 epi l ap administre vaksen yo yon fason pou bay priyorite ak kèk segman popilasyon an. Selon plan vaksinasyon COVID-19 eta Florid la, lè plis vaksen vin disponib, administratè yo ap ajoute timoun yo ladan l. Plis enfòmasyon nou resevwa ki gen rapò ak disponiblite vaksen pou timoun yo, n ap mete sit entènèt Distri a ak dokiman nou yo ajou pou reflekte nouvo pwotokòl vaksinasyon yo. Plan preliminè vaksinasyon COVID-19 eta Florid te soumèt bay 'Centers for Disease Control and Prevention' (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) disponib sou sit entènèt 'Florida Department of Health' (Depatman Sante Florid) nan: http://ww11.doh.state.fl.us/comm/partners/covid19_report_archive/vaccination-plan/vaccination_plan_latest.pdf.



Rapòte Ka 'COVID-19'



RAPÒTE PWÒP TÈT OU

Paran/gadyen oubyen anplwaye rapòte ka pozitif la bay direktè/administratè andwa a.

Direktè/administratè andwa a notifye "District School Health Office (DSHO)" (Biwo Sante Distri Lekòl la) e inisye investigasyon/retrase kontak nan lekòl/andwa a.

Rapòte ka a bay FDOH.

Si yo jije li nesèsè, direktè/administratè andwa a ap enplemanje estrateji modifikasyon.

FDOH NOTIFYE DISTRI A SOU KA KI KONFIME YO

"Florida Department of Health (FDOH)" (Depatman Sante Florid) notifye DSHO ka ki konfime.

DSHO notifye direktè lekòl/administratè andwa a ka ki konfime.

Direktè administratè andwa a notifye "District School Health Office (DSHO)" (Biwo Sante Distri Lekòl la) e inisye yon kontak nan lekòl/investigasyon kontak ak suivi nan andwa a.

Si yo jije li nesèsè, direktè/administratè andwa a ap enplemanje estrateji modifikasyon.

Kòm yon pati nan investigasyon kontak nan lekòl/andwa yo ak suivi nan andwa a, yo pral kontakte moun yo idantifye ki te an kontak depre avèk endividi ki te rapòte pwòp tèt li oubyen ki te teste pozitif. Anplis, yo kontakte tout paran, elèv ak anplwaye lekòl la sou ka a.

Kòm rezilta investigasyon an, yo enplemanje estrateji modifikasyon imedyatman. Pwosesis investigasyon an revize orè elèv/anplwaye a, pou wè si elèv la te monte yon otobis lekòl M-DCPS, si li te patisipe nan aktivite oubyen atletik andeyò lekòl, si li gen frè/sè ki nan aprantisaj nan lekòl ak lòt atik ki pral asiste avèk investigasyon an pou detèmine moun ki gen kontak depre avèk ka a. DSHO ak FDOH kolabore sou tout efò suivi kontak nan lekòl/andwa pou idantifye pwochen etap (egzanp karantèn/izolasyon pèsònèl pou anplwaye/elèv, yonsèl salklas, plizyè salklas yo chwazi, ak posiblite pou fèmen tout lekòl la). Anplis, yo dezenfekte tout lekòl/andwa travay la konplètman.

Pou rapòte yon ka, paran dwe kontakte lekòl pitit yo. Apre lè lekòl e nan wikenn, moun ka rapòte ka yo nan rele 305-995-3000. Anplwaye yo dwe rapòte pwòp tèt yo bay sipèvizè yo.

Anplwaye yo dwe rapòte ka pozitif yo sou [tablodò kontwòl M-DCPS](#) la lè nou resevwa yo. Nou pa difize ka elèv paran/gadyen yo rapòte jiskaske FDOH konfime yo.



Depistaj Sante Elèv Paran/Gadyen Fè Chak Jou Lakay



Nou nan mitan yon pandemi, e fè pitit nou rete lakay lè li malad, lè li genyen siy ak sentòm yon maladi kontajye, e/oubyen lè li te an kontak depre avèk yon moun ki teste pozitif pou 'COVID-19', trè enpòtan pou minimize pwopagasyon maladi a bay lòt moun. Anfèt, sa ka fè diferans ant kontwòl maladi ak epidemi.

Anvan ou voye pitit ou lekòl chak maten, yo mande paran/gadyen pou fè yon Depistaj Sante Elèv Lakay Chak Jou pou detèmine si pitit yo ka ale lekòl an sekirite.

SEKSYON 1 – EKSPozyasyon AK SENTÒM COVID-19

<input type="checkbox"/>	Èske pitit ou teste pozitif pou COVID-19 nan dènye 14 jou yo?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Èske pitit ou an kontak depre (nan espas 6 pye) avèk yon moun ki gen yon dyagnostik COVID-19 pozitif ki konfime oubyen ki ap tann rezilta nan dènye 14 jou yo?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Èske pitit ou a oubyen yon lòt moun nan kay la teste pou COVID-19 (akoz yo te gen sentòm, yo te an kontak depre avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID-19) e yo ap tann rezilta yo?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Èske pitit ou malad avèk COVID-19 kounye a?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

SEKSYON 2 – SIY OUBYEN SENTÒM – NAN DÈNYE 48 ÈDTAN YO

Èske pitit ou te genyen oubyen li genyen nenpòt nan siy oubyen sentòm ki anba yo nan dènye 48 èdtan yo?

<input type="checkbox"/>	Fyè (100.4°F oubyen pi wo)	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Grip (Nouvo grip ki pa kontwole ki lakoz respirasyon difisil) (Pou elèv ki gen tous kwonik alèji/opresyon, yon chanjman nan tous yo ki diferan ak sa yo konn genyen.)	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Souf Kout	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Fatig	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Misk oubyen Kò Fè mal	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Tèt Fè mal	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Pa pran gou oubyen sant	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	Lòt Bagay: Gratèl, Zye Wouj, lèy Blese/Anfle, Lang Anfle ki Wouj, men/pye anfle, vant fè mal	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/> Gòj Fèmal	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/> Konjesyon, nen koule	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/> Noze	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/> Vomisman	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/> Dyare	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

SEKSYON 3 – TCHEKE TANPERATI

<input type="checkbox"/>	Ki te tanperati pitit ou a maten an?	
--------------------------	--------------------------------------	--

SEKSYON 4 – PWOCHEN ETAP YO – SI PITIT OU GEN NENPÒT NAN SENTÒM KI ANWO YO


<input type="checkbox"/>	Si ou reponn “ wi ” pou nenpòt nan sa ki anwo yo, oubyen tanperati pitit ou a se 100.4 °F (37.5°C) oubyen pi wo, silvouplè pa voye pitit ou lekòl.	
<input type="checkbox"/>	Ou ta dwe kontakte founisè swen sante pitit ou a imedyatman. PA TANN SENTÒM YO VIN PI MAL!	
<input type="checkbox"/>	Genyen sentòm sa yo sèlman pa vle di pitit ou a gen yon maladi kontajye oubyen viris la, men se SÈLMAN yon founisè sante ki ka detèmine sa.	
<input type="checkbox"/>	Fè direktè lekòl pitit ou a konnen sentòm li yo.	

SEKSYON 5 – KONSEY POU PARAN/GADYEN

<input type="checkbox"/>	<p>Kenbe pitit ou lakay si li malad, e li ta dwe rete lakay pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> <input type="checkbox"/> Omwen twa jou (swasant douz èdtan) te pase <i>depi sentòm yo te trete</i>; <input type="checkbox"/> Pa gen lafyè san medikaman pou lafyè oubyen pou redui lafyè; <input type="checkbox"/> Amelyorasyon nan sentòm respiratwa (egzanp, tous, souf kout); e/oubyen omwen 10 jou pase <i>depi sentòm yo te premye parèt</i>; <input type="checkbox"/> Kontinye pratike ijyèn sante, lave men, kouvri vizaj, kenbe distans/espas apwopriye.
--------------------------	--



Lis Sa Pou Nou Tcheke Pou Retou Nan
Bilding Lekòl



LIS SA POU NOU TCHEKE POU

Retou nan Lekòl



ENSKRIPSYON

Fanmi yo ka tou enskri pitit yo pou ane lekòl 2020-2021 an. Pou plis enfòmasyon, vizite <http://attendanceservices.dadeschools.net/>.



RETOU NAN MODÈL BILDING LA

Anvan voye ou pitit ou lekòl chak maten, nou konseye paran/gadyen yo pou yo fè "At-Home Daily Student Health Screening" (Tès Depistaj Sante Elèv Chak Jou Lakay yo), ki disponib sou www.reopening.dadeschools.net, pou detèmine si li an sekirite pou pitit yo ale lekòl.



INIFÒM AK KOUVÈTI POU VIZAJ

Kouvèti pou vizaj yo dwe kouvri bouch la ansanm ak nen an lè ou sou pwopriete komisyon konsèy lekòl la, e nan aktivite komisyon konsèy lekòl la, oubyen lè yo mote yon otobis oubyen yon lòt transpò ki apwouve. Kouvèti pou vizaj dwe fèt avèk pou pi piti yon moso twal ki double e li dwe sere ase pou kouvri nen ak bouch. Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte direktè lekòl pitit ou a.



ESTASYON POU DEZENFEKTE MEN

Nou ap ankouraje lavaj men souvan. Nou pral mete estasyon pou dezenfekte men nan kote moun frekante anpil nan lekòl yo e nan otobis lekòl yo. Si yon elèv kite salklas la pandan yon peryòd klas, yo ap atann pou l lave men li oubyen itilize dezenfektan pou men anvan li retounen nan salklas la..



MANJE/DLO

Tout elèv pral gen aksè pou dejene ak repa midi gratis jiska fen desanm. Elèv ki prale an pèsonn pral manje manje yo nan kafeterya, salklas oubyen nan yon lòt kote yo deziyen, baze sou plan espesifik lekòl la. Nou pral eskane badj idantifikasyon elèv kounye a pou asire yo resevwa manje, sa ap elimine itilizasyon klavye òdinatè a. Elèv ki prale nan MSO ap ka al chèche plizyè repa madi ak jedi, soti 4:00 rive 5:30 nan aprèmidi. Nou ap fèmen fontèn dlo nan tout lekòl yo. Nou ap mete disponib estasyon pou ranpli boutèy dlo.



TRANSPÒ

Elèv ki elijib pou transpò Distri a pral resevwa enfòmasyon kòm yon pati nan notifikasyon n ap voye pa lapòs la. Nou ap enplemanje estrateji tankou redui kantite elèv nan otobis lekòl, egzijè kouvèti pou vizaj pandan yo nan otobis yo, ak rekonfigire wout otobis yo pou kenbe transpò ki konsistan. Estasyon pou dezenfekte men ap disponib nan chak otobis lekòl. Nou ap dezenfekte otobis lekòl yo chak jou ant wout maten ak aprèmidi yo.



FOUNITI KLASIK

Paran ta dwe tcheke sit entènèt lekòl pitit yo a oubyen kontakte lekòl la pou lis founiti klasik yo. Nou mande elèv pou yo pote boutèy dlo yo ka itilize plizyè fwa chak jou.



APARÈY

Chak elèv endividyèlman bezwen yon aparèy. Si pitit ou a pa gen youn, silvouplè kontakte lekòl li a. pou modèl Bilding Lekòl la, chak pwofesè pral detèmine ki lè gen yon bezwen pou elèv pote aparèy yo. Asire w ou mete aparèy la nan chaj chak swa.



ENFÒMASYON SOU KONTAK

M-DCPS gen abilite pou kominike kòrèkteman e avèk efikasite avèk paran atravè mesaj vwa, tèks, ak imèl. Li enpòtan pou lekòl pitit ou a gen enfòmasyon pi ajou sou kontak ou. Paran ka bay dènye enfòmasyon yo nan kontakte direktè lekòl pitit yo a. Yo ka chwazi pou resevwa mesaj tèks ijan nan voye mesaj tèks "Y" nan 67587 sou aparèy mobil yo.



APLIKASYON MOBIL DADESCHOOLS

Aplikasyon Mobil Dadeschools la se yon aplikasyon ak plizyè fonksyon pou paran. Resevwa enfòmasyon enpòtan tankou orè klas, nòt lekòl, nouvel Distri ak anpil lòt. Telechaje aplikasyon gratis sa a nan aparèy iPhone oubyen Android ou.



LIY ENFÒMASYON

Biwo Operasyon Ijans Distri a: 305-995-3000
Aprantisaj a Distans: 305-995-HELP (4357)
Edikasyon Adilt/ak Karyè Teknik: 305-558-8000

Sèvis Sante Mantal pou elèv/paran: 305-995-7100
'Project UP-START' pou elèv ki ap fè eksperyans
lojman enstab: 305-995-7558



Règ Kont Diskriminasyon

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid aplike règ kont diskriminasyon nan anplwa ak pwogram/aktivite edikasyonèl e li fè efò pozitif pou ofri opòtinite egal pou tout moun nan:

“Title VI of the Civil Rights Act of 1964” (Akò 1964 sou Dwa Sivil ‘Title VI’) - entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, relijyon, oubyen orijin nasyonal.

“Title VII of the Civil Rights Act of 1964” (Akò 1964 sou Dwa Sivil ‘Title VII’) jan yo amande li – entèdi diskriminasyon nan anplwa sou baz ras, koulè, relijyon, sèks (fi/gason) oubyen orijin nasyonal.

“Title IX of the Education Amendments of 1972” (Amandman 1972 nan Edikasyon ‘Title IX’) - entèdi diskriminasyon sou baz sèks (fi/gason). M-DCPS pa diskrimine sou baz sèks nan kèlkeswa pwogram edikasyon oubyen aktivite li opere jan Title IX mande l. M-DCPS pa diskrimine tou sou baz sèks nan admisyon oubyen anplwa.

“Age Discrimination Act of 1975” (Akò 1975 Kont Diskriminasyon sou Laj) - entèdi diskriminasyon sou baz laj nan pwogram oubyen aktivite.

“Age Discrimination in Employment Act of 1967 (ADEA)” (Akò 1967 Kont Diskriminasyon sou Laj nan Anplwa) jan yo mande li - entèdi diskriminasyon sou baz laj nan sa ki konsène moun ki gen omwen 40 an.

“The Equal Pay Act of 1963” (Akò 1963 sou Egalite nan Salè) jan yo amande li – entèdi diskriminasyon kont sèks (fi/gason) nan salè pou fi ak gason ki ap fè egzakteman menm kantite travay nan menm etablisman an.

“Section 504 of the Rehabilitation Act of 1973” (Seksyon 504 Ak 1973 sou Reyabilitasyon) – entèdi diskriminasyon kont moun ki gen andikap.

“Americans with Disabilities Act of 1990 (ADA)” (Akò 1990 sou Ameriken ki gen Andikap) – entèdi diskriminasyon kont moun ki gen andikap nan anplwa, sèvis leta, akomodasyon piblik ak telekominikasyon.

“The Family and Medical Leave Act of 1993 (FMLA)” (Akò 1993 sou Vakans Medikal ak Fanmi) – mande pou anplwayè ki anba akò sa a pou yo bay jiska 12 semèn vankans san peye pou pwoteksyon travay pou anplwaye ki elijib pou sèten rezon famiyal ak medikal.

“The Pregnancy Discrimination Act of 1978” (Ak 1978 Kont Diskriminasyon nan Gwosès) – Entèdi diskriminasyon nan anplwa sou baz gwosès, akouchman, oubyen kondisyon medikal ki gen rapò ak kesyon sa a.

“Florida Educational Equity Act (FEEA)” (Akò sou Egalite nan Edikasyon nan Florid) – entèdi diskriminasyon sou baz ras, sèks (fi/gason), orijin nasyonal, kondisyon marital, oubyen andikap kont yon elèv oubyen yon anplwaye.

“Florida Civil Rights Act of 1992” (Akò 1992 sou Dwa Sivil nan Florid) – asire pou tout moun anndan eta a gen libète kont diskriminasyon akòz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, oubyen kondisyon marital.

“Title II of the Genetic Information Nondiscrimination Act of 2008 (GINA)” (Akò 2008 ‘Title II’ sou Absans Diskriminasyon nan Enf masyon Jenetik - entèdi diskriminasyon kont anplwaye ak aplikan akòz enfòmasyon jenetik.

“Boy Scouts of America Equal Access Act of 2002” (Akò 2002 sou Aksè Egal pou Eskout Gason nan Amerik la) – Okenn lekòl leta pa dwe anpeche aksè egal, oubyen yon opòtinite rezonab pou gwoup rankontre sou pwopriyete lekòl oubyen nan etablisman lekòl avan oubyen apre lè lekòl, oubyen fè diskriminasyon kont kèlkeswa gwoup ki afilye ofisyèlman avèk ‘Boy Scouts of America’, oubyen nenpòt gwoup jèn oubyen gwoup kominotè ki sou lis ‘Title 36’ (kòm yon sosyete patriyotik).

Veteran gen dwa pou rejwenn anplwa ann akò avèk P.L. 93-508 (Lwa Federal) ak Seksyon 295.07 (Lwa Florid), ki ensiste sou preferans kategorik pou anplwa.

Anplis:

Règ Komisyon Konsèy Lekòl 1362, 3362, 4362, ak 5517 - Entèdi arasman e/oubyen diskriminasyon kont elèv anplwaye, oubyen aplikan sou baz sèks, ras, koulè, etnisite oubyen orijin nasyonal, relijyon, sitiasyon marital, andikap, enfòmasyon jenetik, laj, opinyon politik, oryantasyon seksyèl, sèks fi/gason, idantifikasyon seksyèl, ran sosyal ak istwa famiyal, preferans lengwistik, gwosès, kondisyon sitwayènte oubyen nenpòt lòt baz lalwa entèdi. Yo entèdi tou revanj kont yon moun ki patisipe nan yon aktivite ki pwoteje.

Revize: 07/2020